ISSN 2181-

# SAPAROV RUSTEM EREJEPOVICH ÓMIRI HÁM DÓRETIWSHILIGI

*Xalniyazova Ra'no Quvonichboy qizi*
*O'zbekiston mámleketlik*
*konservatoriyası Nókis filialı*
*Ulıwma kásiplik hám socia*
*l gumanitar pánler kafedrası muzıkatanıw qániygeliginiń 2-kurs studenti*
*Ilimiy basshı: Kamalova Gulmayram.*

**Annotaciya:** Bul maqalada Qaraqalpaqstan Respublikasınıń pidayı kórkem óner ǵayratkeri, áskeriy orkestr sázendesi hám watan súyiwshi insan - Saparov Rustem Erejepovichtiń ómiri, dóretiwshiligi hám xızmet jolı sáwlelendiriledi. Rustemniń balalıǵı, shańaraqlıq tárbiyası, oqıǵan orınları, muzıkaǵa bolǵan qızıǵıwshılıǵı, sonday-aq, onıń Ózbekstan Quralli Kúshleri quramındaǵı jumısı haqqında tolıq maǵlıwmat beriledi. Maqala arqalı avtor Rustem Saparovtıń shaxsında tek ǵana muzıkaǵa sadıq emes, al Watanǵa hám xalqına pidayı insan obrazın jaratıwǵa erisken.

**Gilt sózler:** Watan, muzıka, ustaz, Konservatoriya, kórkem-óner, simfoniyalıq orkestr, sazende, áskeriy.

**Аннотация:** В данной статье освещается жизнь, творчество и служебная деятельность самоотверженного артиста Республики Каракалпакстан, музыканта военного оркестра и патриота Сапарова Рустема Ережеповича. Будет предоставлена подробная информация о детстве Рустема, семейном воспитании, местах обучения, страсти к музыке, а также о его деятельности в составе Вооруженных Сил Узбекистана. С помощью статьи автор смог создать в лице Рустема Сапарова образ не только преданного музыке, но и преданного Родине и народу человека.

**Ключевые слова:** Родина, музыка, учитель, консерватория, искусство, симфонический оркестр, музыкант, военный.

**Annotation:** This article covers the life, work, and service of Saparov Rustem Erejepovich, a dedicated artist of the Republic of Karakalpakstan, musician of a military orchestra, and a patriot. Detailed information will be provided about Rustem's childhood, family upbringing, places of education, passion for music, as well as his activities as part of the Armed Forces of Uzbekistan. Through the article, the author managed to create the image of Rustem Saparov not only as a devotee of music, but also as a person devoted to the Motherland and his people.

**Keywords:** Homeland, music, teacher, konservatory, art, symphony orchestra, musician, military.

Saparov Rustem Erejepovich - óziniń turmısı, xızmet jumısı hám kórkem ónerge sadıqlıǵı menen ajıralıp turatuǵın, úlgili shańaraq basshısı, pidayı muzıkant hám watansúyiwshi insan. Ol 1980-jıl 9-mart kúni Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Shımbay rayonında jumısshılar shańaraǵında dúnyaǵa keldi. Milleti - qaraqalpaq. Saparov Rustem ákesi - Saparov Erejep Saparovich, suw xojalıǵında islegen, hadal hám miynetkesh insan edi. 1936-jıl 10-mayda Qaraqalpaqstan Respublikası Shımbay qalasında jumısshılar shańaraǵında dúnyaǵa keldi. Shımbay qalasında jaylasqan Suw xojalıǵında (vodxoz) Gidrotexnik lawazımında jumıs islep shańaraǵın jaqsı jasawı ushın jan kúydirgen insan esaplanadi. Erejep Saparovich 2006-jıl qaytıs bolıp, Shımbay qalası Iyshan áwliye qoyımshılıǵına jerlengen. Anası - Xalmuratova Nisangúl Xalmuratovna, ilimiy izertlew institutında jumıs islegen, óz waqtında xalıq deputatı bolıp ta xızmet etken hayal edi. Bul eki ullı júrek iyesi perzentlerine tek ǵana hadallıq, adamgershilik hám miynetti emes, al xalıq ushın jasaw sezimin de sińdirgen. Xalmuratova Nisangúl Xalmuratovna 1942-jıl 23-fevralda Qaraqalpaqstan Respublikası Kegeyli rayonı Aqtóbe poselkasında isshiler shańaraǵında dúnyaǵa keldi. Shımbayda qalasında jaylasqan ilim izertlew instituti nawxan qurt jetkizip beriw bóliminde jumıs islegen, 1990-jıldan 1997-jıllar aralıǵında Shımbay qalası ilim

izertlew instituti atınan saylanǵan deputatı boldı. 2024-jıl 20-dekabrde qaytıs bolıp Shımbay qalası Iyshan awliye qoyımshılıǵına jerlengen.

Rustem úlken, baxıtlı, mehirge tolı shańaraqta ósti. Saparovlar shańaraǵıda segiz perzent dúnyaga kelıp, kamal tapdi. Olardıń arasında: Almagúl (1961), Jaqsılıq (1966) miynet dem alısında, Maxset ( 1968) - avtokran aydawshısı, Nókis qalasınıń Qızılqum kóshesinde jasap, óz miyneti menen shańaraǵın támiyinlep kelmekte. Saparov Amangeldi Erejepovich 1971-jıl Qaraqalpaqstan Respublikası Shımbay qalasında tuwılǵan. Házirde Shırshıq qalasında ulıwma bilim beriw mektebinde baslanǵısh áskeriy tayarlıqtan muǵállim bolıp isleydi, áskeriy pensioner áskeriy shın (voinskoe zvanie) podpolkovnik. Tashkent wáláyatı Shırshıq qalasında jasaydı. Saparova Biybigul Erejepovna (1973) nanbayshılıq penen shuǵıllanadı, Shımbaydaǵı Nawayı kóshesinde jasaydı. Saparov Yusup Erejepovich (1973) - gidrotexnik, Baxıtlı MPJda jumıs isleydi. Saparova Zlıyxa Erejepovna (1976) - Nókistegi tuwıw úyinde miyirbiyke sıpatında xızmet etpekte. 1986-jılı Rustem Shımbaydaǵı 10-sanlı, Lenin atındaǵı mektepke qádem qoydı. Shımbayda jaylasqan balalar muzıka mektebiniń «bayan» áspabı boyınsha oqıwdı tamamlaydı. Onıń birinshi ustazları - Zerixan apa, Allamuratov Jiemurat hám Zarlıq edi. Olar Rustemniń muzıkalıq talantına isenim menen qaradı hám onı ilhamlandırıp bardı.

Dóretiwshilik ármanları onı 1998-jılı Nókiske jetekledi. Ol Japaq Shomuratov atındaǵı Nókis mámleketlik kórkem óner bilim jurtına “tenor-saksofon” baǵdarı boyınsha oqıwǵa qabıl etildi. Bul jerde ustazları Qılıshbay Qarlıyaev (saksofon), Ashxen Bogdasarova (fortepiano), Guliya Kamalova (muzika teoriyası) sıyaqlı kórkem óner gayratkerleri edi. 2002-jılı bilim jurtın tamamlap, dóretiwshilikke tayar, hár tárepleme jetik bolǵan kórkem óner ǵayratkeri sıpatında ómirge jol aldı. 2004-jılı Rustem Watanǵa xızmet etiw jolın tańladı. Nókis garnizonındaǵı áskeriy orkestrge muzıkashı sıpatında qabıl etildi. Usı dáwirden baslap, onıń ómirinde muzıka hám xızmet bir-biri menen únles halda dawam etti. Rustem orkestrde ápiwayı sazendelikten baslap, úlken instruktor sazendelik dárejesine shekem jetti. Hár bir nama, hár bir máresimdegi atqarıwı arqalı ol júreklerge Watan sezimin alıp kirdi. Ol 2018-jılı “kishi

serjant” áskeriy atağına ie boldı. 15 jıllıq shártnama tiykarındağı xızmeti dawamında Rustem jaslarğa watansúyiwshilik, sadıqlıq, hadallıq haqqında tek ğana sóz benen emes, al jeke úlgi menen sabaq berdi. Sol sebepli ol bir neshe húrmet jarlıqları hám minnetdarshılıqlar menen sıylıqlandı. 2020-jıl aprelde, óz qálewi boyınsha shártnamanı juwmaqlap, rezervke shıqtı. Biraq bul turmıstağı belsendilik emes, al jańa basqısh, jańa qádiriyatlarğa qaray jol edi.

Hár bir ullı insannıń ómir jolında oğan kúsh, ilham hám súenish bolatuğın kimse boladı. Rustem Saparov ómirinde bul insan - ómirlik joldası, sadıq yar, mehriyban ana - Imbetova Nadira Baqbergenovna 2007-jılı turmıs quradı. Imbetova Nadira 1985-jıl 23-avgust kúni Qaraqalpaqstannıń Taqıyatas rayonında tuwılğan. Balalığınan hadallıq hám álpayımlıqtı júrekten sezinip ósti. Medicina tarawına bolğan mehir onı Nókis qalasındağı narkologiya dispanserine jetekledi. Ol jerde kóplegen insanlardıń densawlığı jolında pidákerlik penen xızmet etpekte. Olardıń tórt perzenti bar: Daniyar - 2010-jıl 3-fevralda Qaraqalpaqstan Respublikası Nókis qalasında dúnyağa keldi. Nókis qalası 34-sanlı ulıwma bilim beriw mektebiniń rus tili klassında 8-klass oqıwshısı. Házirde Nókis qalası Esshan baqsı atındağı balalar muzıka mektebinde skripka áspabı boyınsha bilim alıp kelmekte. Tamara - 2012-jıl 1-fevralda Qaraqalpaqstan Respublikası Nókis qalasında dúnyağa keldi. Nókis qalası 34-sanlı ulıwma bilim beriw mektebiniń rus tili klassında 7-klass oqıwshısı. Házirde Nókis qalası Esshan baqsı atındağı balalar muzıka mektebinde fortepiano áspabı boyınsha bilim alıp kelmekte. Shaxsanem 2014-jıl 12-noyabrde Qaraqalpaqstan Respublikası Nókis qalasında dúnyağa keldi. Nókis qalası 34-sanlı ulıwma bilim beriw mektebiniń qaraqalpaq tili klassında 4-klass oqıwshısı. Házirde Nókis qalası Esshan baqsı atındağı balalar muzıka mektebinde fortepiano, prima duwtar áspabı boyınsha bilim alıp kelmekte. Allayar - eń kishkenesi, házirshe baqshada, biraq namalar dúnyasında ósip atır.

**Paydalanılğan ádebiyatlar:**

1. Kamalova.G. Kompozitor Dariko Jańabaeva. – Nókis, Ilimpaz. 2023. – 109 bet

2.ЛУЧШИЕ ИНТЕЛЛЕКТУАЛЬНЫЕ ИССЛЕДОВАНИЯ международный научный электронный журнал. Ч.19 Т.5 2024 год . INTERNATIONAL SCIENTIFIC JOURNAL

3.Kamalova G. QÁLEMI ÓTKIR KOMPOZITOR (D. Djańabaeva dóretiwshilik jolı) //Вестник музыки и искусства. – 2023. – Т. 1. – №. 2. – С. 37-39.

4. Kamalova. G., & Dauletbaeva , G. (2024). DUWTAR SAZ ÁSBABÍN ZAMANAGÓYLESTIRIWDIŃ ÁHMIYETI. Вестник музыки и искусства, 1(4), 89–94. извлечено от https://science.uzdknf.uz/index.php/science/article/view/231

5. Kamalova G. JAMIL CHARSHEMOVTÍŃ “POPURRI” SHÍǴARMASÍNÍŃ ÓZGESHELIGI //Вестник музыки и искусства. – 2024. – Т. 1. – №. 4. – С. 52-57.